



# ALÈT




## Moun ki bezwen sèvis akòz enteripsyon founisè yo



### Liy Asistans Gratis

#### Liy Asistans pou Sante Konpòtmantal



Liy Asistans pou Sante Konpòtmantal lan (BHHL) konekte moun ak fanmi yo ak tout seri sèvis tretman pou sante mantal ak konsomasyon sibstans yo ofri nan Massachusetts, ansanm ak swen pou pasyan ekstèn, swen ijan ak swen pou kriz imedyà. Yo bay soutyen nan tan reyèl, premye evalyasyon klinik, e koneksyon ak bon evalyasyon ak tretman.  
Rele oswa voye yon tèks nan 833-773-2445



#### 988

988 bay soutyen emosyonèl gratis, konfidansyèl pou tout moun ki rele yo ki nan detrès emosyonèl epi konekte yo ak sèvis si sa nesèsè. Liy la gratis epi li disponib 24/7, 365 jou nan yon ane atravè apèl nan telefòn, tèks, oswa tchat. Nimewo Telefòn: 988. Sit entènèt: [988lifeline.org](http://988lifeline.org)

#### Liy Asistans Telefonik Massachusett la sou Konsomasyon Sibstans yo

Liy Asistans la bay piblik la enfòmasyon sou resous rediksyon, tretman, ak sèvis retablisman pou Twoub Konsomasyon Sibstans ki disponib nan Massachusetts ak yon bon soutyen pou pwogram sa yo lè sa nesèsè.

Nimewo telefòn: 800-327-5050. Sit entènèt: [helplinema.org](http://helplinema.org).

#### Liy Asistans nan Telefòn BMC Addiction Warmline

Warmline la ede nan bay aksè rapid ak medikaman pou trete opyojid ak twoub konsomasyon alkòl tankou buprenorphine (Suboxone), Sublocade, naltrexone ki enjektab (Vivitrol), ak lòt medikaman pou twoub konsomasyon alkòl e etabli yon lyen ak tretman sou demann (ansanm ak metadòn) epi referans ak tretman sou peryòd ki long.

Nimewo telefòn: 617-414-4175.

#### SafeSpot



SafeSpot bay sèvis vityèl pou moun ki konsome dwòg pou anpeche ovèdoz. Yon moun ki ap konsome dwòg poukont li rele liy lan, konsome sibstans la, epi rete nan kominikasyon vèbal ak operatè a jiskaske alafwa moun ki rele a ak operatè a deside yo li san danje pou yo rakwoche. Si gen yon ijans, operatè a pral rele sekouris moun ki rele a deziyen an oswa sèvis repons pou ijans yo. Nimewo telefòn: 800-972-0590. Sit entènèt: [safe-spot.me](http://safe-spot.me).




# ALÈT



## Mwen pèdi aksè ak medikaman sante mantal mwen an. Kisa pou m fè annapre?

### 1 Rele:



#### Liy Asistans pou Sante Konpòtmantal

Liy Asistans pou Sante Konpòtmantal lan (BHHL) konekte moun ak fanmi yo ak tout seri sèvis tretman pou sante mantal ak konsomasyon sibstans yo ofri nan Massachusetts, ansanm ak swen pou pasyan ekstèn, swen ijan ak swen pou kriz imedyà. Yo bay soutyen nan tan reyèl, premye evalyasyon klinik, e koneksyon ak bon evalyasyon ak tretman.

Rele oswa voye yon tèks nan **833-773-2445**.

### 2 Konekte avèk:



#### Medikaman pou sante mantal Sant Sante Konpòtmantal Kominotè an disponib

Sant Sante Konpòtmantal Kominotè (CBHCs) yo se boutik kote w ap jwenn yon pakèt sèvis ak tretman sante mantal ak konsomasyon sibstans. Rezo CBHC nan tout Eta a gen ladan l sant atravè Massachusetts la ki ofri swen imedyà, konfidansyèl pou bezwen sante mantal ak konsomasyon sibstans.

Sèvis kriz yo disponib toutan pou nenpòt moun nan Massachusetts ki santi yo gendwa gen yon kriz sante mantal. Nenpòt moun ki nan Massachusetts kapab itilize soutyen fasafas pou kriz sa a 24 sou 24 epi 7 jou sou 7, kit yo gen asirans sante oswa ou pa. CBHC yo ofri tou sèvis sante mantal chak jou ak sèvis pou konsomasyon sibstans ki garanti nan tout plan MassHealth ak kèk plan asirans komèsyal yo. Jwenn CBHC lokal ou a nan [mass.gov/CBHCs](https://www.mass.gov/CBHCs).

OSWA



#### Sevraj apati Benzodyazepin yo

Pasyan yo preskri benzodyazepin pou amelyore enkyetid, ensomni, oswa konvilsyon nan misk yo. Yo sèvi yo pou trete kriz aktif ak sevraj apati alkòl. Mak komen benzodyazepin yo gen ladan yo Klonopin, Ativan, Xanax, ak Valium. Konsomasyon chak jou benzodyazepin ka lakoz tolerans fizik. Lè benzodyazepin yo kanpe sibitman, sentòm sevraj yo ka modere, grav, oswa menm fatal. Sentòm sa yo gen ladan yo: enkyetid, tranbleman, iritabilite, ensomni, kèplen/vomisman, palpitasyon kè, kriz, alisinasyon, ak lanmò. Gen kèk pasyan ki gendwa eseye pran benzodyazepin andeyò preskripsyon yo si yo pèdi aksè ak preskripsyon yo. Fentanyl gendwa prezan nan nenpòt medikaman yo pa jwenn nan yon famasi. Yo souvan jwenn fentanyl nan benzodyazepin ki kontrefè epi li ka ogmante risk pou yon ovèdoz ki ka touye moun.

#### Sevraj apati Medikaman Estimilan

Pasyan yo preskri estimilan pou twoub defisi atansyon yo.

Medikaman estimilan ogmante tansyon, respirasyon, ak batman kè. Mak estimilan ki komen yo gen ladan yo: Ritalin, Adderall, Concerta, Vyvanse, ak Dexedrine. Sentòm sevraj yo gen ladan yo atitud depresyon, feblès enèji, enkyetid, ak anvi. Pandan sevraj apati estimilan yo raman gen konsekans ki menase lavi, li ka emosyonèlman ak fizikman peze w epi dire jiska 5 mwa. Gen kèk moun ki gendwa eseye jwenn medikaman estimilan andeyò preskripsyon yo si yo pèdi aksè ak preskripsyon yo. Fentanyl gendwa prezan nan nenpòt medikaman yo pa jwenn nan yon famasi. Yo souvan jwenn fentanyl nan benzodyazepin ki kontrefè epi li ka ogmante risk pou yon ovèdoz ki ka touye moun.


# Resous Kominotè pou Medikaman pou Sante Mantal



## CENTRAL REGION



### Liy Asistans Gratis



### Liy Asistans pou Sante Konpòtmantal

Liy Asistans pou Sante Konpòtmantal lan (BHHL) konekte moun ak fanmi yo ak tout seri sèvis tretman pou sante mantal ak konsomasyon sibstans yo ofri nan Massachusetts, ansanm ak swen pou pasyan ekstèn, swen ijan ak swen pou kriz imedyà. Yo bay soutyen nan tan reyèl, premye evalyasyon klinik, e koneksyon ak bon evalyasyon ak tretman. Rele oswa voye yon tèks nan 833-773-2445

### Liy Asistans Telefonik Massachusett la sou Konsomasyon Sibstans yo

Liy Asistans la bay piblik la enfòmasyon sou resous rediksyon, tretman, ak sèvis retablisman pou Twoub Itilizasyon Sibstans ki disponib nan Massachusetts ak yon bon soutyen pou pwogram sa yo lè sa nesesè. Nimewo telefòn: 800-327-5050. Sit entènèt: [helplinema.org](http://helplinema.org).



### Liy Asistans nan Telefòn BMC Addiction Warmline

Warmline la ede nan bay aksè rapid ak medikaman pou trete opyoyid ak twoub konsomasyon alkòl tankou buprenorphine (Suboxone), Sublocade, naltrexone ki enjektab (Vivitrol), ak lòt medikaman pou twoub konsomasyon alkòl e etabli yon lyen ak tretman sou demann (ansanm ak metadòn) epi referans ak tretman sou peryòd ki long. Nimewo telefòn: 617-414-4175.



### SafeSpot

SafeSpot bay sèvis vityèl pou moun ki konsome dwòg pou anpeche ovèdoz. Yon moun ki ap konsome dwòg poukont li rele li lan, konsome sibstans la, epi rete nan kominikasyon vèbal ak operatè a jiskaske alafwa moun ki rele a ak operatè a deside yo li san danje pou yo rakwoche. Si gen yon ijans, operatè a pral rele sekouris moun ki rele a deziyen an oswa sèvis repons pou ijans yo. Nimewo telefòn: 800-972-0590. Sit entènèt: [safe-spot.me](http://safe-spot.me).



### 988

988 bay soutyen emosyonèl gratis, konfidansyèl pou tout moun ki rele yo ki nan detrès emosyonèl epi konekte yo ak sèvis si sa nesesè. Liy la gratis epi li disponib 24/7, 365 jou nan yon ane atravè apèl nan telefòn, tèks, oswa tchat. Nimewo Telefòn: 988. Sit entènèt: [988lifeline.org](http://988lifeline.org)



### Medikaman pou sante mantal Sant Sante Konpòtmantal Kominotè an disponib

<b>Riverside Community Care</b> 176 West St., Milford	800-294-4665
<b>Community Healthlink</b> 12 Queen St., Worcester	866-549-2142
40 Spruce St., Leominster	800-977-5555
<b>Clinical Support Options</b> 205 School St., Gardner	800-562-0112

### Jesyon Sevraj Divèsyon ki Jere sou plan Medikal 24 sou 24 (dezantoksikasyon)

<b>Clearbrook Treatment Center ATS</b> 83 Hospital Rd., Templeton	800-582-6241
<b>Haven Detox</b> 1369 Grafton St, Worcester	508-826-6182
<b>New England Recovery Center</b> 154 Oak St., Westborough	800-366-7732
<b>Spectrum Primary Care</b> 154 Oak St., Westborough	508-898-1570
<b>Sunrise Detox</b> 29 Main St., Suite 200, Millbury	508-552-3096
<b>Recovery Centers of America (RCA)</b> 9 Village Inn Rd., Westminster	978-571-1700
<b>Washburn House ATS</b> 1183 Main St., Worcester	844-588-3475

# Resous Kominotè pou Medikaman pou Sante Mantal CENTRAL REGION



## Pwogram pou Pasyan Ekstèn

### Medikaman pou Sante Mantal, Naltrexone ak/oswa Buprenorphine Disponib

<b>Acorn Health Services</b> 112 Main Street, Suite 104, Northborough	508-691-6086	<b>Recovery Centers of America at Westminster</b> 9 Village Inn Road, Westminster	978-571-1700
<b>Blue Hills Recovery LLC</b> 474 Grove Street, Worcester	508-403-7877	<b>SaVida Health</b> 121 Lincoln Street, Worcester	508-890-0990
<b>Community Healthlink</b> 12 Queen Street, Worcester	508-860-1000	<b>Spectrum Health Systems</b> 176 Main Street, Southbridge	508-765-5940
<b>Harrington Hospital Outpatient Recovery Services</b> 176 Main Street, Southbridge	508-765-2725	585 Lincoln Street, Worcester	508-831-0045
<b>Quabbin Retreat,</b> Dana Day Treatment Center	978-724-0010	40 Spruce Street, Leominster	978-466-3820
211 North Main Street, Petersham		50 Howe Ave, Millbury	508-865-2085
		475 Pleasant Street, Worcester	508-831-0045
		200 East Main Street, Milford	508-634-1877

**Chèche anplasan pwogram MA yo pou Rediksyon Domaj yo (sa gen ladan l sèvis naloxone ak sereng yo)**

